

Pwojè 10: Rezo Edikasyon Tranzisyon nan
University of South Florida St. Petersburg

140 7th Avenue South, SVB 112
St. Petersburg, FL 33701

Jordan T. Knab, Ed.S.
Anketè Prensipal/Ko-Direktè
jknab@usf.edu

L. Danielle Roberts-Dahm, Ph.D.
Ko-Direktris
(727) 873-4654
lroberts@usf.edu

Donna Phillips, Ed.D.
Direktris Adjwen
dphillips5@usf.edu

Main Office:
(727) 873-4370 (727)
873-4660 (faks)
usfsp-project10@usf.edu

www.Project10.info

Pwojè 10: Rezo Edikasyon Tranzisyon an se yon pwojè espesyal ki jwenn finansman Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Lekòl Biblik, ak Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Elèv la, nan asistans federal anba Lwa Edikasyon pou Moun ak Adikap la (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA), Pati B.



Misyon Nou

Misyon Pwojè 10 la: Rezo Edikasyon Tranzisyon an la pou ede distri lekòl Florida yo ak moun ki konsène yo nan kreye kapasite pou bay sèvis tranzisyon segondè bay elèv ki gen andikap yo pou yo kapab travay pi byen lekòl ak lè yo fini lekòl segondè.

www.Project10.info

Pwojè 10: Rezo Edikasyon Tranzisyon

Project 10 se lyezon prensipal ant Depatman Edikasyon Florida (Florida Department of Education, FDOE), Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Elèv (Bureau of Exceptional Education and Student Services, BEESS) ak manm pèsonèl distri lekòl yo pou abòde lwa ak politik, pratik ki mache byen ak entèvansyon ki baze sou rechèch nan domèn sèvis tranzisyon pou jenn moun ki gen andikap yo.

Pwojè 10 konsantre sou kat gran inisyativ:

- Developman konpetans
- Kolaborasyon ant plizyè ajans
- Lwa ak politik sou tranzisyon
- Developman elèv ak rezulta

Pwojè 10 bay fòmasyon, asistans teknik ak resous.

Pwojè 10 bay distri lekòl yo sipò pandan y ap ede elèv ki gen andikap yo prepare pou lavi apre lekòl segondè. Pwojè 10 ankouraje siksè akademik ak rezulta pozitif apre lekòl segondè pou elèv lekòl segondè ki ge andikap yo kote yo bay fòmasyon ak asistans teknik bay manm pèsonèl distri lekòl yo ak lòt moun ki konsène nan zafè tranzisyon.

Endikatè IDEA (2004) ki gen pou wè ak tranzisyon:

- To elèv ki gradye
- Objektif pou apre lekòl egondè
- To elèv ki kite lekòl
- Rezulta apre lekòl

Pwojè 10 bay distri lekòl yo sipò finansye.

Pwojè 10 bay ti sibvansyon pou kore konsèy plizyè ajans distri lekòl yo ki konsantre nan amelyore kolaborasyon ant distri lekòl yo ak ajans kominotè yo nan travay pou bay elèv ki gen andikap yo sèvis tranzisyon. Epitou, Pwojè 10 bay sipò pou distri yo ak ti sibvansyon ki fasilite patisipasyon nan konferans tranzisyon ak enstiti ki jwenn sipò FDOE BEESS.


Pwojè 10 kore siksè nan gradyasyon pou elèv ki gen andikap yo.

Pwojè 10 bay fòmasyon ak asistans teknik bay lekòl ak distri Florida yo konsènan efikasite ki genyen lè ou itilize done elèv ak endikatè avètisman bonè yo pou idantifye elèv ki ka ge risk pou yo pa gradye yo. Sistèm Avètisman Bonè (Early Warning System, EWS) Pwojè 10 la se yon pwosesis ki bay elèv yo plis chans pou yo gradye kote li ede manm pèsonèl la idantifye sou bezwen elèv yo epi mete an plas estrateji pou fè entèvansyon.

Reprezantan Tranzisyon
Edikasyon Altènativ
Joey Nice
(843) 599-3106
cjnice@usf.edu

Lyezon pou Jistis JèN Moun Nan
Eta a
Carla Greene
(850) 528-6720
carlagreene@usf.edu

Rejyon 3
Franklin Coker
(407) 721-6907
fjcoker@usf.edu



Reprezantan Tranzisyon Rejyonal yo